

Pembantoe sareng agen:  
 Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.  
 di Tjandioer Bestuur Pasoendan Tjandioer.  
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diitjak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:  
 Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.  
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

<b>LANGGANAN.</b> 3 tasih . . . . . f 1,50 Dibalar ti pajoen. Salambar 15 sen.	<b>Redactie:</b> Heerenstraat 31. <b>Administratie:</b> Stationsweg 33 Tasikmalaja.	<b>Redaktoer:</b> <b>SOETISNA SENDJAJA</b> <b>ATMAWINATA</b> <b>Redaktoer di Batawi</b> <b>SOERADIRADJA.</b>	<b>Directie: Administratie:</b> Bestuur Pasoendan Tasikmalaja	<b>Pangaos ADVERTENTIE:</b> 1/10 katja f 2,50 } 1/20 " f 1,50 } <b>Sakali moeat</b> Langganan langkoeng mirah.
--	--	--	--	---

Artos langganan kw. ka 4 enggal kintoenkeun sakalian sareng anggoeun ngagaleuh brochure „Democratie” lima benggol.

**Democratie.**

Soesoeganaan aja mangpaatna keur orang Soenda lezing djoeragan Wirasendjaja di Tjandioer koe „Pasoendan” Tasikmalaja ditjak ditjandioer brochure. Soepados angger biasa ngaloeurkeun brochure eta boekoe didjoel anggoeun ongkos ujatana lima benggol (saprangkoen!) sareng ongkos ngintoenkeun. Nae ngintoenkeun para-angko lima benggol engka dikintoen hiji boekoe „Democratie” di eta ngaranana eta boekoe. Langganan sip. mah artosia hidjikeun bae sareng artos langganan.

Saena mah ngaloeuh sasarengan 10 à 100 dihidjikeun soepados oelah seueur teuing ongkos pastiwisel.

Mangga djoeragan djoeragan Bestuur Tjabang „Pasoendan” padjengkeun eta brochure.

Serat-serat peseran adreskeun ka

**Bestuur Pasoendan Tjabang Tasikmalaja.**

**Pilipina.**

Tanah Pilipina teh didjandioer koe sababaraha peole, tjara di Hindia Netherland, djembelahna koerang leuwih doea ratoes siki, noe galedo ngaranana: peole Luzon, Mindanao, Mindoro, Palawan, Samar, Pausy, Negras, Z-bee dj. r. d. Legana koerang leuwih 266310 K. M<sup>2</sup>. Djadi gede keneh tanah Indonesia, sabab tanah Indonesia mah legana 1915417 K. M<sup>2</sup>. Asal-usulna pisan eta tanah noe matak diwawah koe Amerika, kieu: Dina taon 1526. oerang Spanyol anoe dipapalan kee toean Garcia Jofre Loaisa datang ka peole Mindanao arek meuli ratjajan, lantaran manggih kasenangan, taon 1596, mimiti eta bangsa manakan di dinja. Taon 1640 oerang Spanyol anoe dipapalan kee toean Faguerra djeung toean Almonte, ngarehoet kota Pampeoran, tapi teu bisa, lantaran oerang dinjana wani ngalawan. Taon 1851 datang deui rek ngadjabal; saugeus perang sipoel eh taon 1898, eta tanah kareboet kee oerang Spanyol, sarta dina taon 1872, Catabato, didjieun dajeh peole Mindanao.

Oerang Pilipina saugeus ngaranana kareboet koe batoer, sigana p-da mikir bae sangkan leupas deui; taon 1898 kabeneran koe Sarikat Amerika kareboet, djadi ajeuna Pilipina aja di tangan Amerika, parandoeo kitoe, nadjan geus ganti doenoengan oge, pikeun oerang Pilipina teu leungit pikir bajang ugoeroes ngaranana s-angan; nja nepi ka dina taon 1901, kaljadian aja pemberontakan anoe dipapalan kee Aguinaldo, tapi teu lila, koe sabab kapilana katangkep mantan. Teu lila ti saentas eta, djol deui pembrotakan, malah ieu mah dipapalan kee Djendral Malvar, tapi dasar Pamarentah koeat, teu hasil pembrotakanana. Sanggeus kaljadian kitoe, Pamarentah Amerika, beuki keras njekelna ngara djeung ngarandjoekkeunana rahajat. Lila lila barang katendjo rahajatna tengtrem deui, siddadana tuloj dikoerangan, asal 60.000 soldadoe, ajeuna kari 12.000 soldadoe Amerika djeung 5000 soldadoe priboeumi. Kana ngamadjoekkeun rahajat digantjengkeun, babakoena tina hal ngahuejuk dajeh ngotah

nagara, sabab sateragna maksoed Amerika njekel eta ngara teh, teu rek katotoeoloejan dikeukeuweuk bae diparentah rek diarah hasilna, tapi arek ditoeungtoen kana djalan marentah ngara sorangan beener beener, sangkan di ahir djadi ngara aroe sampoerna, malah saeragi toean Mc. Kinley, President Amerika anoe njekel taon 1897—1901, geus ngadawoehkeun kieu dina koempoelan gede: „The Philippines are ours not to exploit, but to develop, to educate, to train in the science of self-government. This is the path which we must follow or be recroent to a might trust committed to us.” hartina dina basa Soenda koerang leuwih kieu: „Oerang Pilipina teh koe oerang lain rek didjieun badege, tapi rek dsina madjoe, ditoeungtoen, diwarah kana elmo ngahuejuk ngara sorangan. Tah nja djalan ieu noe koedoe ditoeuroet, lamoen teu noerret eta, saroea bae djeung teu toehoe kana parentah.”

Eta katerangan toean President kitoe teh, katjida aloesna, tapi rahajat Pilipina, tajjan pertjaja pisan, lantaran uendjo dina atoeeran hasil palaboean, ngan ngoentoeungkeun ka ditoe bae, saperti angka-angka bea palaboean taon 1903, nepi ka taon 1920, asal 17.807,144 djadi 19.750.604 dollar, malah koe hal eta Pill: Kamer van Koophandel, meuta ka Pamarentah Amerika, soepaja eta bea tea ditoeuroekkeun, sabab barang-barang anoe didatangkeun ti loear ngara djadi mahal, toer anoe karentoeanganana keur Amerika, lain keur Pilipina (Koemaha industrie di Filippina teu woewoeh madjeng koe ageung beja palaboean? Corr.)

Beuki lila koe maksoed Amerika anoe sakitoe mejanja, toeroeg-toeroeg kasoeroeng koe maksoed rahajat anoe najang boeroe-boeroe merdika, teu s-baraha lila loba pisan atoeeran-atoeeran ngara anoe dirobah, kajaniug: hal hakim, pangadjaran, kasihatan dj. r. d.

Pangatoeran ngara dibagi tiloe bagian, nja eta: Anoe kawasa ngadjalankeun, netepkeun wet djeung dina oeroesan hakim. Anoe kawasa ngadjalankeun nja eta Goepnoer Djendral djeung kapala-kapala Departement, netepkeun wet, t' huis van afgevaardigden djeung Senaat, eta teh doea koempoelan oetoesan rahajat sorangan, iwal ti oetoesan Bergprovincie, Mindanao djeung Soeloe, ti eta doea tempat mah ditenoem koe ngara teu dipilih koe rahajat. Ari djelema anoe mourang milih kana keur oetoesan tea, anoe oemoerna geus nintjak 21 taon, man-djaja eta djelema-djelema anoe djadi oetoesan tea pangartina djeung kaajaanana di handap, tapi pangarehna gede pisan. Mimiti ti taon 1907 lidmaatschap di't huis van afgevaardigden harkatna dikaloehoerkeun manan Senaat. Osmena, nja eta voorzitter dina vergadering mimiti anoe diboeuka koe William H. Taft. President Amerika noe ujekel taon 1909—1913 andjeunna hiji djelema anoe beener-bener ngadjalankeun pagaweanana, tjinta kana lemah tjaina djeung paham kana atoeeran-atoeeran ngahuejuk dajeh, dipandangna koe oerang dinja, nja andjeunna hiji djelema anoe kawasa di tanah Pilipina. Kadjaba ti eta aja hiji deui, nja eta Quezon anoe stkaom djeung andjeunna, nja eta kaom „Nacionalista-partij”, ieu djelema lain deui ngamadjoekkeunana djeung nangtajoenganana ka rahajat Pilipina, teu petot-petot andjeunna oesaha, sangkan lepot tina genggeman batoer, koe karadjinan oesaha andjeunanana

teu woedoe ajeuna loba bangsa-bangsa priboeumi di dinja dibenoem djadi pagawe ngara. Djaman Toean Goepnoer Djendral Harison dihoetjoelekeun pisan, ngangkat pagawe-pagawe priboeumi dilobaan kome djaman President Amerika Toean Mr. W. Wilson mah, pangkat-pangkat anoe ditjekel koe bangsa Amerika, loba noe diganti koe bangsa priboeumi, katambah deui saugeus anoe kawasa netepkeun wet (wetgevude macht), make atoeeran Osmena (osmeua-wet) beuki keras bae bangsa Amerika noe tjarekel gawe lamoen teu boeroe-boeroe meuta eureun, bakal dieureun-eureunkeun, koe hal eta bangsa Amerika, katjida sarientjeunana, toeloj bae marenta eureun, nepi ka dina taon 1920, kari 585 djelema deui, anoe 12561 djelema diganti koe bangsa priboeumi. Di antara oerang Amerika anoe sakitoe teh lolobana goeroe, nja eta 300 djelema, deui, roepa-roepa golongan.

Sakola sakola nadjan tajjan nepi kana kamistianana, tapi beunang oge disoeboet meudjehna, anoe asal waktoe ditjekel koe Spanyol ngan 650 sakola, ajeuna geus 6000 sakola. Noerret statistik Departement Onderwijs Pilipina noe panganjarana, djeonlah reana moerid di kabeh sakola, iwal sakola loehoer (Universiteit), dina boelan Juli 1923 aja 917.577 moerid, djadi leuwih 43.626 batan taon 1922. Di antara eta noe sakitoe teh, moerid sakala handap 746.268, sakola Mulo 131.358 djeung sakola teugahan (middelbare school) 39.577. Kadjaba ti eta loba deui sakola-sakola anoe diadegkeun koe ahli-ahli agama, anoe djeonlah moeridna kabeh aja ratae reboena, djadi lamoen nimbang kana reana tjatjah djawa Pilipina anoe ± 12.000.000 djawa nampa pangadjaran sakitoe teh beunang oge disoeboet meudjehna, toeroeg-toeroeg koe Amerika begrooting pikeun ial pangadjaran, katjida diperoekkeunana, dijaga oelah nepi ka kasoeroengan. (Koemaha di Hindia? Corr.)

Hal pangadilan, ti pangadilan handap nepi ka pangadilan loehoer pisan, katjida didjagana, djelema noe rek didjieun hakim dina pangadilan biasa, saugeus dibadamikeun djeung dirempagan koe Senaat, kakara dibenoem koe Goepnoer Djendral; tapi hakim pikeun pangadilan loehoer (hooge rechtshof) dinenoemna koedoe koe President Sarikat Amerika.

Koe lantaran hal kakawasaan netepkeun wet geus ditjekel koe rahajat sorangan, anoe pangaroehna leuwih ti kakawasaan anoe ngadialankeun djeung kakawasaan pangadilan, djadi kaajaan ngara teh bu-uki madjoe bae, malah kadjaba ti eta, ngabogaan oge oetoesan pikeun dina Congres di Sarikat Amerika, anoe naris ngalawan atoeeran-atoeeran noe bakal ninggang ka rahajat Pilipina.

A. P. S.

**POLITIEK.**

Wet Alam geus teu beunang dipoe-poe koe karet atawa ditjoret beureum deui, geus heran koe oerang sadajana ien lamoen oerang teu noerret teh bo hanteu alamat aja monjet hideungna.

Saperti kaajaan djaman noengtoen objagna kana poelitik kawasa moal aja noe bisa moengkir deui da karas sakieu kasoeroengkeunana, oerang teh koedoe tatandang dina medan danalaga, djeung oerang geus jakin lamoen oerang rek tinoroeng bae ngaloe-loengkoet tinangtos boeloeh teh kaloe-

leeh batoer hadan mo aja adjina. Dina djaman ieu hiji bangsa noe nambolierkeun kana oeroesan poelitik, saroea bae djeung patani noe moemoel ngagarap sawahna, temahna matak paeh kalaparan, tjek hiji Pamimpin Eropa: „Kaamanan djeung kamamoe-ran hiji bangsa, boh kabiroepanana boh daradjatna tergantoeung kana katogoehan poelitiknya.”

Pikeun hartina poelitik koe koering moal diterangkeun deui da geus remen koe noe sanes dietjes-etjeskeun; soegan loeloemajaan keur anoe boeroeg teuing di dieu koering rek ngadarkeun pamanggihna Iwan Machiavellioewitz Professor elmo poelitik di Imoersiv Saransk beunang metik tina S. P. W. E.

Tjeuk eta Professor:  
 Ie. Poelitik teh hartina ngadoo kakoeatan.

Ieu perkara noe koedoe diheulakeun teh.

Si moesoeh djeung si lawan koedoe pada nembongkeun tanaga kadidjajaanana, lamoen si moesoeh njeboetkeun ka oerang „Wat„berbahja!” eta teh kahormatan agoeng pikeun oerang, koe ngomong kitoe saroea bae hartina djeung manehna ngangenkeun tanaga oerang tjoekeup pikeun niwaskou manehana; ana kitoe oerang koedoe saboe di akal neangan dja soepa enja-enja oerang bisa ngalahkeun si saroe nepi ka ngaringkoekna.

Ketjap „berbahja” anoe djolna ti soengot moesoeh saroea bae matak boengahna teh djeung mas Poendoeh noe meunang bintang emas.

Ie. Dina poelitik koedoe hoelang oejah taer oejah hoelang delan taer tarasi.

Tjidekna oelah talobeh salawasna koedoe papan geusan males. Djil taer djil, telenges taer telenges, moen hade nja kitoe deui. Sakapeung mah kawaduhan kieu teh teu bisa didjalankeun, teu salawasna tampling bisa diaoter tampling deui, tapi sabotoehna hoelang tjabok koedoe bae ditajar koe djemel mah sing nepi ka geuneuk, ngan teu males pisan oelah sabab matak ngadjadikeun si moesoeh beuki ngoeng-hak djeung sok tambah olo-olo pika-dijideun.

Ari tjek stelling poelitik mah moen oerang sadaja-daja teh tegesna geus djadi koentoeng moen dina oedoe mah titelna Lagere orde.

Sabalikna moen bangsa atawa ngara anoe njobat saestoena lain olo-olo padjar rek njaah rek ngoerces poegoes mah njolok mata boentjeik neleg hiroep-hiroep prasasat ngaroeng ke-repes. koedoe gantjang oerangna males boedi noe sapantesna.

Iie. Si moesoeh nandang bingoeung si lawan mingkin oentoeng.

Lamoen moesoeh tea oentoengna pikeun oerang teh eta geruing ari noe bingoeung mah sok sagoebreg-gabrog toenggoel diparoed tjatang di-roempak toengtoengna ripoe koe lampah sorangan.

Koe sabab eta oerang oelah boe-goeng ngabedjajan moesoeh keur kasoeroeng, kenn bae sina katarbias, ka mana ge djor bae; moen koe oerang digeuing diingetan teh saroea taja bedana djeung bangsat noe ngagoejah-goejah noe boga imah noe keur sare tjira.

Oentoeng!!! sareboe kali oentoeng lamoen moesoeh lingloeng teh.

Ive. Niroe-niroe kedok moesoeh. Moesoeh ngagebes njieun laga oerang nja koedoe tetendjag bari moeri! koemis, oelah eleh gogos, itoe njarekan oerang ge koedoe, kakara beres.  
 Ve. Salawasna oerang wadjib nea-

ngan tempat moesoeh noe koerang kakoeatanana.  
 Hartina oerang teh koedoe ngintjer panaasanana, lamoen geus kapanggih-oelah tatapasini dek bae tondjok Tjiman-de ten petjak.

Djago-djago noe nadjoeung dina perangua nja anoe bisa kitoe, sabab moestahil masing moesoeh noe tohaga oge nepi ka euweuh pperana mah, teu beda djeung ibarat toekang man po, geuning masing djago ct tjabang atas oge, ari ditinggang iga boeroengna mah teu boeroeng sje-djoed sahwi.

Moen pinareng geus kanjahoan si moesoeh panaasanana hartina balad oerang geus saeugah digdjaja pinanggih kaenggoelan.

Ieu noe diterangkeun di loehoer moen gnela mah oekoer koekoerodeua, nja loemajan bae pikeun ngopi, tang-tos bae.

Machiavellioewitz loba keneh pamanggihna noe pararenting, soegan ka hareup oerang etjeskeun.

A. Gs. Pr. Zuid Garoet.

**Kahatoer para NONOMAN.**

Kamari koering di Garoet papanggih djeung hiji Journalist moeda keur motretan tempat-tempat noe waras, andjeunna njarioskeun eta profet teh keur ngahias boekoe noe alamtna koe basa Duitsland „Amor bleibet eu Thalk, und wer ihm vertraut, ist betrogen.”

Pisoendannana kira-kira kieu „saha noe pertjaja kana kajintanan hartina kabobodo.”  
 Eusina koering matja saliwat matak narik hatena tjaritanan djaman ajeuna loba poeloenganeunana babakoena pepeling ka noe tjan rarabi ngan bae matak kaisinan bangsa meuk, di dinja ditjaritakeun hiji poetri ti dajeh deukeut Tampomas (Smd ditoe?) noe geus djangdji „Als ik ver van U ben, dan kan ik niet lang leven.” tapi ahirna matak handjakal koe sampoerna, kabangsawanana toeroenana teu toeroes djeung edele karakterna, tjira djangdji nepi ka tega njangsur hate manoesa.

Tjeuk eta Journalist eta boekoe teh loba naritakeun di djero sfd Tasik. Tjawi Pandjabe enz. malah moal lila deui rek toeloj ka Tasik rek motretan noe tersangkoet, tajjan aja boekoe di oerang mah noe kitoe ngan handjakal basana bet make basa Walanda moen basa Soenda.

Kasoet koe matja eta boekoe, soesoeganaan geusan tamba, koering ge maksa keun maneh noelis ieu karangan emotkeuneun noe aranom oelah tatabiasa bisu katalandjoeran tjara oerang Tjilakoe noe tjilaka. tjara Kerkhof noe maehan di Bd. tea.

Tjeuk Noto Soeroto „Liefte moet in het leven passen als een krislemet in zijn scheede.”

Maksoedna eta omongan teh „tjinta dioepamakeun keris djadi ana teu disarangkaan atawa sarangkana boeot matak tjilaka mangkanging ari keris tjinta mah peurahan.

Noe aranom koedoe ati-ati pisan oelah neundeun tjinta di sambarang wadiah, ana wadiahna palseo, soemawonna moen si wadiahna gembol mah teu seubeuh koe saalas nja matak tjilaka tea geuning tjenah „tjinta mah ngan hiji!” djeung sok emboengneun dibatoeran sawadah koe doea tiloe, boektina geuning loba istri noe djadi koeroe aking ngadjang-djawang lantaran dipangwajoekeun.

Tjeuk Venus „Since thou are dead to here Sprophky,  
Sorrow on love here after shall atend,  
It shall be waited in with jealousy,  
Find sweet beginning unsavoury end.  
Suendana kira-kira moen digoege-  
ritankeun Sinom kieu:  
Koe margi enggeus ditilar,  
diwangwang di djero ati,  
medal didamel tjarita,  
sedih noeroetkeun birahi,  
limboeroe noe nganti-nganti,  
ngaboejarkeun tjinta kalboe,  
nembean mah senang bingah,  
raos agoei koe birahi, ahir-ahir geuing mandjing toenggara.  
Djadi . . . . .  
Toelojkeuneun  
Reezjudeminnaar.

### Patarosan.

Samemehna djsim koering ngada-  
darkeun „patarosan” dina ieu kara-  
ngan, ngahatoerkeun panohoan heula  
ka Djr. Red. naha ieu karangan oepami  
ditebetkeun kana Sipatahoenan moal  
aja matakna ka djsim koering. Oepami  
sakitun moal aja matakna, sanget  
panohoan moegi ieu karangan ditebetkeun  
kana Sipatahoenan. Nanging oepami aja  
pimatakeunana, tegesna mutak baha ka  
djsim koering soemawouten Djr. Redactie,  
moegi diwangsoelkeun deui.

Anoe mawi gadoh panohoan kitoe,  
tina banget toemamoena kana oeroes-  
oeroesan koeroeng-karang. Ieu mah  
dihatoerkeun soteh ngan awahing koe  
keuheul bae, bane ngageremet, bongan  
teu tiasa ngadjawab kana patarosan  
oerang kampoeng anoe tetelepek.

Sakawit djsim koering teh keur  
ngaditoeul bae ngahoeroneu baloeng  
di hareupeun hawoe; bari ngagoeloeung  
pais tipoeung toetoeng. Teu lami djol  
aja tamoe ti pakoeringan, anoe ngahadja  
ngadjak ngawangkong.

Koe margi djsim koering dina  
waktos harita, keur meudjuehna soe,  
tamoe teh estoeung dianggoerkeun  
bae soemawouten moen disoegoehan  
ngaleuet tea, teu njeeap-njeeap atjan;  
doepi margina mah reh harita tang-  
goeng sasih, ari bade ngasongkeun  
pais tipoeung tea abong deui. Toeng-  
toengna mah moeng disoegoehan  
wangkong bae.

Kieu wangkong djsim koering  
teh: „Geus djalan sababaraha taoen  
di oerang di Hindia, ting petjenghoel  
ting pelentoeng roepa roepa koempoel-  
au, boh koempoelan oemoem boh  
koempoelan sagawe. Koempoelan  
oemoem saperti B. O. S. I. Pasen-  
dan enz. Demi koempoelan sagawe:  
P. P. P. B., V. S. T. P., P. G. H. B.  
enz.

Ari anoe pangkolotna diantara eta  
koempoelan-koempoelan nja eta B. O.  
djeung P. G. H. B.

Malah eta mah P. G. H. B., tina  
bakating koe geus kolot teh, anak  
intjoeng oge geus reuaj; toeroeg-  
toeroeg geus maratjakal sorangan,  
geus p da baroga deui koempoelan,  
saperti: K. B., P. N. S., H. K. S.  
enz.

Nilik kana maksoed-maksoed eta  
koempoelan kabeh oge pirakoe aja  
noe njeboetkeun goreng, kabeh hade,  
lain hade bae, tapi aloeoeroes; sabab  
kabeh ngadjoengdjoeung daradjatua rek  
ngahontal kahajangna.

Tamoe naros: „Eta teh noeroetan  
saha noe matak karikitoan teh?”

Ari tjeuk noe njarita mah, noeroet-  
an oerang koelou (oerang Eropa).  
Da oerang ditoe mah karikitoanana  
mah, lain anjar-anjar geus tibabheula,  
malah nepi ka ajeuna ge beuki tam-  
bah loba bae pakoempoelan teh. Tab,  
oerang teh noeroetan eta.

Malah djaman ajeuna mah lamoen  
aja hidji golongan stjan boga koem-  
poelan teh, tjeuk noe njarita atjan  
boga rasa anoe bener, tjindekna mah  
barodo keneh.

Anoe geus boga oge koempoelan,  
lamoen teu noeroet kana kamistianana,  
saperti: ngalalawakeun kana  
contribution, tara miloe vergadering,  
eta teh disoebetna atjan njarang.

Dina vergadering noe djadi pa-  
nengtoen-panoentoena manui tipopo-  
lotot tibeboentjelijik, pok deui-pok  
deui nitah saeusi Hindia geura prak  
njarieun koempoelan. Kitoe deni dina  
soerat-soerat kabar manui rapang ka-  
rang-an-karangan anoe ngadjak njeun  
koempoelan djeung noe ngadjak nga-  
madjoekoeun koempoelanana anoe geus  
aja.

Anoe ngahalang-halang kana ajana

koempoelan; laklak dasar beak pada  
ngalabrak, dihantem pada ngawewe  
leh, boh koe toelisan, boh koe liisan.  
Tjek tamoe: „Naha sok aja noe  
ngahalang-halang?”

Pogoeuh bae.  
„Naha make ngahalang-halang, koe-  
maha ngahalanganana?”

Noe matak ngahalangan babakoena  
aja 2 ruaps:  
1e. Ngahalangan, soepaja pamak-  
soedanana eta koempoelan oelah lak-  
sana, karena lamoen laksana ngaranna  
meunang. Samangsa - mangsa meun-  
ang tangtoe aja noe eleh. Tab, eta  
noe matak ngahalangan teh sieun  
eleh.

„Eleh naon?”  
„Eleh moelja, eleh harkat, eleh se-  
nang enz.

2e. Noe matak ngahalangan teh,  
lantaran teu panoeudoe kawa mak-  
soedna, kana soeranana.

Aja deui anoe ngahalangan henteu,  
miloe-miloe henteu, hartina ngan nga-  
mangsa bodokeun. Anoe kieu biasana  
anoe atjan kaseblok koe ombakna  
djaman; atawa anoe dirina geus  
ngarasa senang taja kakerang, teu  
perloe kana panoeudoe batoer.

„Ari noe djadi lantaran, noe djadi  
asal, pang njarieun koempoelan teh  
naon?”

Ari tjeuk bedja mah eta lantaran aja:  
kaeula lan Goesti, aja tjatjah reud-  
jeung meuk, aja miskin reudjeung  
beunghar, aja ripoeuh reudjeung se-  
naug.

„Ari eta noe njarieun koempoelan  
teh, eta kitoe bajang djadi Goesti,  
djadi menak, djadi beunghar, djadi  
senang?”

Nje ari tjeuk napsae mah kawasna  
nja kitoe. Tapi ari saenjana mah  
lain; eta bae atoeuh enggoning ngoela-  
an Goesti teh bajang sakanjaah saka-  
njeri, sabanda saboga, sapapait sama-  
manis. Goesti moekti kaeula soeka.  
Goesti barang damel tjing kaeula  
adjak. Tjindekna mah bajang bata-  
rangan ngahoujeuk dajueh, ngolah  
nagara.

Noe djadi menak pon njakitoe deui,  
da saenja-enjana menak teh nja wo-  
djoedna Goesti tea.

Kitoe deui anoe beunghar, dina  
enggoning ngagoeloeung kabehingha-  
ran teh, tjing sing aja soemoreangna  
ka ioe miskin, oelah makmak-mekmek  
soraugan bae, da moal enja djadi  
beunghar lamoen euweuh noe miskin  
mah.

Tab, eta kitoe kahajangna koem-  
poelan - koempoelan teh. Aja oge  
koempoelan-koempoelan noe saralah  
maksoedna, anoe rek ngadjenengkeun  
Ratoe Galoeh, Ratoe Palaboean enz.,  
nja eta noe geus ditangkepan koe  
Pamarentah tea.

„Naon eta pamaksoedanana?”

Ah, ari eta mah tjeuk panjangka  
tjalma loba, tina awahing koe waloe-  
rat, soesah njiar kipajah, pikeun mere  
sandang-pangan ka anak pamadjikan.  
nepi ka baha pikiran bajang djadi  
ratoe (radja); samaroezna gampang  
ari noe djadi ratoe teh.

„Ari eta pakoempoelan-pakoem-  
poelan anoe balalener, anoe make Rech-  
tersoon, Reglement, Statuten, Presi-  
dent. . . . . ah pendekna mah anoe  
pepek taktak bengek taja kakerang,  
ka saba ana boga panohoan (barang  
penta teh)?”

Tjeuk bedja mah ka Pamarentah.  
Malah eta mah koempoelan-koem-  
poelan Sagawe, aja mindeeng barang  
pentaua teh.

Aja samboenganana.

### Asihan doeit.

Geus poegoeuh di loehoer goeueung,  
djelema teu boeroeng moengpoeng,  
nadjau di tengahau rantja noe hawana  
panas kabina-bina, semah teu boe-  
roeng balatak da oerang anoe sok  
ngemat.

Eta mah koe asihan doeit taja ma-  
noesa noe teu kagembang, matak poho  
naon poho naon, nadjan disoempah  
hareupeun mimbar moen geus deu-  
keut-deukeut teuing mah kaneu boe-  
leud gepeng sok kapohoan, inget-  
inget geus ngaringkoe. Tapi nja eta geus  
kitoe bakatna doeit, lain bae matak  
sagala poho, tapi nadjan teu poho  
oge sok kedjem, poho baraja poho  
bangsa, da eta katalian koe toesoenan.

Sadajana oge tangtoe moal aja noe  
bae ari kana doeit mah, djalma ngak-  
tak ngabeng ngaler ngidoel, leuleu-  
weungan, lalaoetan atawa silih pahlau  
teh taja lian ngan neangan doeit, da  
eta doeit mah sadjabana tina sok  
ngalaksanakeun kahajang teh, sok pa-

da ngadjenan noe ngabogaanana, na-  
djan teu djadi menak oge.

Koe kitoe nadjan oerang soeso-  
soean neangan doeit, tapi oelah ari  
noe aja matakna mah, estoe koedoe  
noe halal tjeuk santri mah, soemawon-  
na moen nepi ka poho di kabangsaan  
atawa kabarajaan, eta mah esat pe-  
tjak nadjan beunia.

Saperti ajeuna „Sipatahoenan” ka-  
wasna rek tjeol dogdog tinggal igel,  
da eta geuning beuki lila teh beuki  
pinoeuh bae koe advertentie.

Ti minggu ka minggu deui teh  
taja lian ngadagoan Sipatahoenan soe-  
gan beuki lila beukah babawaanana  
tapi ari djol teh bangsa Fazal Mo-  
hammad deni Fazal Mohammad deui,  
(Ajeuna mah henteu Red.), toeng-  
toengna noe tadina rek dipisoen teh  
djadi dibaeudan, da eta barangbawa-  
nan ngan dagangan bae, lain kikir  
man, boe-boe engke mah pinoeuh ka-  
beh koe advertentie (moal Red.) tapi  
kawasna Sip. mah moal da apan  
Nationalistisch weekblad, soemawonna  
moen kersa diandjerekan djoeragan  
P. E. B. mah moalna teh pisan.

Na koemaha eta teh djrg. Red Dir?  
Tjik atoeuh ari seueur noe ngalangan  
ngalebetkeun advertentie mah tamba-  
han deui bae atoeuh lambaranana, hi-  
dji satengah soegan, woengkoelkeun  
noe satengah keur advertentie, noe  
salambar keur batjan biasa. poegoeuh  
noe seueur, keur nambah-nambah  
gowahna Sipatahoenan. Na koemaha  
eta teh djoeragan, pembajaran ti  
abonnie na teu saratia malajarna?  
(Noe mawi lah era njarioskeunana  
Red.)

Tjik atoeuh djrg. djrg. abonnie's pi-  
karoenja Sip. teh, oelah ngan resep  
matjana bae, njangoenanana oge sing  
matia, na rek koe saha deui atoeuh  
diparabanana moen teu rek koe lang-  
gananana, meudjuehna bae atoeuh soer-  
at mingguen hidji bae mah sing  
langgeng hiroepna sing ngaredekeh  
manan serelungarandakah manan man-  
djah da teu doa teu tiloe oerang  
Soenda bogana soerat Mingguen ten,  
loba oge basa sedjen noe deungeun-  
deungeun. Ajeuna teh taoen 1926,  
geus meudjuehna atoeuh benerna mah  
oerang teh ngabogaan soerat kabar  
poean sorangan, tingali bae batoer  
mah geuning soerat kabarna teh ma-  
ni aja noe geus 72 taoen leuwih, da  
eta silih pikanjaahna enjaan.

Ngan oekoer tatoenan oemoerna  
S. kabar oerang mah, lantaranana  
doeka langganana remen keuna sa-  
salad bosenan doeka noe djadi Direc-  
torna teu tjakep ngosoesna.

Ka djoeragan djoeragan anoe teu  
kersa ngalangan Sip.; boh di halteu-  
halteu, boh di katjamatan atawa di-  
kawasanana oelah sok panganggoeran  
boeko-boeka Sip.; soemawonna toeso  
ditjandak ka boemi, bisi palaj boe-  
tjeu batja soerat kabar, tapi emboeng  
roegi. anggoer eta bae oeroet boeng-  
koes kopi atawa goela, ari djrg. nga-  
guleuh ti toko, batja, sakalian keur  
mawa oelin poeta da loba gambarna  
noe kitoe mah.

Sok heran ari ka noe kitoe, da eta  
teh dedeg pantes, roepa hade, ari la-  
koe kawas heulang, ngan bedana teh  
teu ngalajang djeung tara malingan  
anak hajam, tapi soerat kabar (De  
goeden niet te na gesproken! Red).

Outong ngewa . . . . . tjieess da  
enja.

### S. M.

N. B. Teu kinten noe djadi Directie  
mah hojong ngaloeerkeun Sip. sa-  
minggoe doa kali sareng aja oge noe  
moendoet, namoeng eta inggis dina  
majarna langganana, koe f 1,50 oge  
seueur noe lat Red.

### Raad Kabupaten Tasikmalaja

(samboengan).

Djoer. Voorzitter nerangkeun art.  
11 djadi art. 12 (robahan).

Djoer. H. O. Azhoeri: Naha be-  
grooting anoe uutepekeun koe toean  
Directeur R. R. koe raad koedoe di  
tarima?

Djoer. Soetismasendjaja: Nerangkeun  
deui hal katrangan toean Directeur.

Djoer. Plawiradredja: Njoehoen-  
keun ngarobah basa dina begrooting,  
margi diebat hal auto, djiga auton-  
toean Directeur.

Djoer. Voorzitter: Eta mah lepat  
njoendakeunna bae.

Djoer. Soekardi: Hal ieu njoehoen-  
keun dimamikeun sareng padamel  
Goepernemen bae, sapertos schoolop-  
ziener declaratienna ngan f 60 malah

Hoofdschoolopziener anoe bawahanana  
sa Pasendan ngan f 100.

Oepami ngemoetkeun ka dinja teu  
kinten ageungna, njoehoenkeun di-  
koerangan.

Djoer. Voorzitter: Noeroetkeun ka-  
trangan ti Provincie eta waragad  
Directeur teh moerah teuing.

Djoer. Plawiradredja: Langkoeng  
sae ka noe djadi Directeur Raad  
maparin renteloe voorschot sapertos  
Goepernement ka pembesarna.

Djoer. Voorzitter: Eta oge kitoe  
malah Directeur oge masih atjan  
loenas renteloe voorschot ka Gew.  
werken.

Djoer. Plawiradredja: Ngartos oge  
ajeuna mah, margi noemoetkeun ti  
Gew. Werken tea.

Djoer. Voorzitter: Tadi oge ditari-  
makeun jen salah njoendakeun dina  
begrooting.

Djoer. Soetadjab (lid anjar). Naha  
teu langkoeng sae dipaparin dienst-  
toelaga bae tiasa langkoeng ti f 2000  
malah tiasa kirang f 900.

Toean Directeur nerangkeun jen  
noe f 2000 oge roegi keneh.

Djoer. Voorzitter: Ieu begrooting  
teh pang moersina ngan oerang  
(Raad) bisa oge njoehoenkeun robahan  
soegan aja oentoengna.

Djoer. H. O. Azhoeri: Koe pa-  
nginten djsim koering pang ieu ba-  
badawian rame teh lantaran dina  
taoen 1926 mah teu aja, djadi djiga  
pisan kaentoengan Directeur.

T. Directeur: Juist

Djoer. Soekardi lantaran noe hen  
teu putoe ngahartos kana f 1350,  
ajeuna katangen mirah teuing, oetami  
ajeuna maparin autotoelaga bae, oelah  
ngatang 1 K. M. saketip.

Djoer. Voorzitter: Sapertos di Ga-  
roet 3 ketip 1 K. M.

Djoer. Soekardi: K. M. gelden sae  
ditambahan kitoe deui autogeld, ma-  
nawi kirang ti f 1350.

Djoer. Voorzitter: Autotoelaga pa-  
rautos kalebet.

Toean Wolf: Toean Directeur noe  
ajeuna teh pindahna ka R. R. make  
(noelojkeun) contract Gew. raad sa-  
memeh beak contractna oerang ong-  
koh moal bisa ngarobah.

Toean Jansen: rereana leden njang-  
ka ka noe djadi Directeur teh oen-  
toeng padahal tadi oge geus kanjala-  
an jen ngan tiba tjoekeup.

Djoer. Soetisna (Gecommitteerde)  
njoendakeun kasaoeran Toean Ass.  
Resident Tasikmalaja maparin katra-  
ngan ka Tsjik. Dalem anoe koe an-  
djeunna diterangkeun deui ka Raad  
jen toean Ass. Res. mah 1 K. M. na  
teh f 0,11, autotoelaga f 60 dipakena  
dina wewengkon 600 K. M. ngan  
oekoer tjoekeup ari noe djadi Direc-  
teur njarang djalan anoe djaoelna  
1500 K. M. tangtoe leuwih gede.

Djoer. Hardjo: Naha teu langkoeng  
sae diatang 1 K. M. f 0,15 bae diatang  
sataoen f 2900.

Djoer. Voorzitter: Noe dibaremp-  
goekoeun teh kaatang tjekap pisan  
(pandjang lebar) margi noemoetkeun  
etangan anoe leres.

Ieu begrooting teh baris disangga-  
keun ka C. Gedeputeerden, tangtoe  
aja op-en aanmerkingna aja noe di  
robah atanapi tetep.

Koe margi eta njoehoenkeun pira-  
pagna Raad soepados oerang nganoe-  
hoenkeun ka noe djadi Secretaris.

Djoer. Secretaris teu nampi, margi-  
na noe pang ageungna damel noe  
djadi adj. Secretaris.

Saparantosna vergadering diladjeng-  
keun.

Art. 13, 14, 15, ditarima.

Art. 16 Djoer. Kartawidjaja (Ta-  
radjoe) njoehoenkeun diobah wasta  
tempat djalan ti Mangoenredja ka  
Naugerang kedahna ti Waroengpeu-  
teui.

Art. 17, 18, 19 ditarima.

Dina Art. 19 Djoer. Poerwanagara  
njoehoenkeun soepaja sasak noe ti  
Paroengponteng ka Parakanhondje  
dipidamel, margi katembong perloe  
kanggo liliwatan noe ka pasar atawa  
baroedak sakola.

Djoer. Voorzitter: Bade dipidamel.  
Djoer. Kartawidjaja dina lenah art.  
20 njoehoenkeun katrangan tina hal  
belok sasak noe matak leuwih mahal?

Toean Directeur: Pangna leuwih  
mahal, lantaran liggers noe dipake teh  
liggers beusi anoe tangtoe oekoeranana,  
sanadjan pesen anoe 7 M. oge kapaksa  
noe 12 M. bae.

Toean Jansen: Teu oemoem lanta-  
ran koering mah bisi pesen anoe sa-  
kahajang pandjangna.

Toean Directeur: Tjarita koering  
make katrangan nja eta noeroetkeun

soerat Firma Carl Sliper.

Toean Jansen: Naha ari koering  
bisa?

Toean Directeur: Ajenna mah bisa,  
komo di Tasik aja Agentna.

Djoer. Secretaris nambahan katra-  
ngan ti Gedeputeerden jen begrooting  
taoen 1927 oelah ngaleuwihan ti  
taoen 1926, tapi lantaran kapaksa  
leuwih f 13700 baris njoehoenkeun  
robahan.

Djoer. Voorz. njoendakeun katrangan  
ti toean Jansen.

Art. 20, 21, 22, 23 djeung 24 dita-  
rima.

Djoer. Secretaris maos soerat tina  
hal art. 24 noe njoehoenkeun soepaja  
gadibna noe meuntaskeun f 12.

Raad moefakat.

Djoer. Poerwanagara nimbang noe  
meuntaskeun teh koedoe doean, teu  
tjoekeup saerang.

Djoer. Kartawidjaja: Oepami perloe  
sae sina njoehoenkeun toeloeng, ba-  
jareun, sapertos meuntaskeun auto.

Djoer. Mangoenredja: Njoehoen-  
keun doean.

Djoer. Hardjo: Njoehoenkeun tetep-  
bae oepami perloe sina pesen.

Toean Jansen: Oepami ngemoet-  
keun kana auto mah nja moal tjekap  
2 oge, sae oepami kitoe menta toe-  
loeng boeroehaneun ka djelema anoe  
dareukent.

Djoer. Oeij Hong Tjauw (Gecom-  
mitteerde) nambahan deui katrangan  
tina hal eta.

Djoer. Poerwanagara: Oepami me-  
rekar heula meunang, noe henteu  
komt terecht.

Vergadering goembira.

Djoer. Plawiradredja: Anoe meun-  
taskoeun auto langka, djadi koerang  
perloe 2.

Djoer. Poerwanagara: Eta lepat,  
sanaos meuntaskeun djelema oge-  
ongkoh kedah doean, ajeuna mah  
njoehoenkeun distem bae.

Ahirna voorstel Djoer. Poerwana-  
gara ditolak.

Sanggeus ngabarempgoekoeun art.  
24, 25, 26, 27 djeung 28. Djoer. Oeij  
Hin Tjiang njoehoenkeun vergadering  
dipendoerkeun.

Vergadering ditoeetoe.

Verlaggever

### Kabar kota.

Tjeuk noe bohong mah, waktoe-  
waktoe ieu, di Tasik mani saroea  
lobana taxi djeung kahar.

Geura mangga dina poe pasar,  
mani njadek di Tjihideng. Kama-  
djoean? Wallahoealam tjeuk santri  
mah. Ngan noe tetela siga loba pi-  
tjilakaenana, boektina loba mobil  
noe geus meudjuehna dipanggoen  
masih keneh sok diparake nambahan.  
Malah tjeuk saareh mah rom-  
botan ti kota sedjen; ti: Bendoeng  
oepamana.

Tangtoe teu kabeh, tapi sawareh.

Ajeuna meunang bedja ti noe beu-  
nang dipertjaja, raad Kaboepten rek  
ngajakeun atoran bab djalanana roepa  
roepa toetoempakan (verkeersverorde-  
ning). Tangtoe pisan koedoe dipeka  
heula sakabeh mobil sewaan, koe  
ahlina mobil koe sangkaan kawas  
moal sabaraha sesana boe engke mo-  
bil sewaan teh moen geus diparake  
dijenja-enja mah. Tangtoe loba noe  
moal meunang didjalankeun, ngadjaga  
soepaja oelah aja pitjilakaen. Koe  
sabab eta oerang Tasik wadjab terang  
ti ajeuna moela. Oelah kena - kena  
mobil moerah, heug bae dibeuhi loe-  
manjan sewakeun. Bisi engke di  
ahir dilarang didjalankeun. Tjindek-  
na oelah meuli romobotan. Asa moe-  
rah, toengtoengna roegi maloele.

Eta mah djoeragan Hardjo, wakil  
Bandjar di Raad Kaboepten, teu  
woedoe koe sok loba papanggihanana.  
Basa koempoelan kamari geus djol  
deui bae, moeka endongna kabeneran  
dina waktoe ngabadamikeun subsidie  
keur ka pagoejoekan „Lemboe Audi-  
ni” noe maksoedna ngamadjoekoeun  
pajaran sasi, djoeragan Hardjo, nga-  
bedegel moal waka mere oepama teu  
terang atoranana, teu terang kabe-  
resanana.

Ari dilele - lelele koe djoeragan  
Voorzitter pokna teh, lain teu tjotjog  
kana merena subsidie, ngan koedoe  
didjaga oelah nepi ka kadjadian tjara  
sah sahidi djrg. Wadana Tjikato-  
mah, madjar teh, sapti tigoebag ka-  
dieukeun sabelah. Atoeh elid-elid  
teu woedoe, noe noendoetan oge,  
tjoeringhak ngadenge pingping sapti  
mah.

.....



**Pok sareng Pek.**

Pok sareng pek teu beuten sareng maksud ketjap thorie-praktijk. Pasal ieu teh estoe nu sesah dilampihkeunana, boekti pirang-pirang boekti, boh koe djalma noe kenging pangadjaran keolon boh koe noe kenging pangadjaran wetanan.

Datang ka seueur djalma noe ngingken harga pok teh saroe sareng harga pekna.

Baroedak noe kaloe ar ti sakola kl. 2 seueur noe ngingkeuh koe peta atawa koe kaadigoengan jén harkatna leuwih behoer ti baroedak noe kaloe ar ti sakola dessa sanajan noe sakola dessa leuwih kabehingharanana.

Baroedak noe kaloe ar ti H. I. S. seueur noe boga-peta keurang hada ka djalma kaloe aran sakola kl. 2 sanajan ieu djalma geus boga gawe padahal manehna tatjan.

Hidji pagawe Goepereken noe gadjinna f 20,- boga rasa loeher ti batan pagawe partikoelir noe gadjinna leuwih ti sakitoe.

Eta taja sanes kadjaba ti boga angkeuhan „pok”

Tina hal goeroe noe sipopoé ngadjarkeun nitoeng tapi dina prakja ngiteng gadjih teu mahi, ieu teu mat-k heran da sanes itoeng poeoeb tapi baling raves.

Ari noe aneh pisan mah, eta noe jasa ro-pa-roepa basa, Soenda Malajoe sareng Wanda, tah meureun tina eta basa-basa aja ege loeang papatuhna kana kahadean.

Sok kono lamoen goeroe noe koe-doe ditjouto sareng ditoeoet piwoe-roekna.

Sapopoé ngadjar kana kahadean. Poeloh-poeleoh bapa moerid noe geus njerenkeun batina eta boedak-boedak seepaja djadi djalma hade, lamoen koe noe djadi goeroe teu dinaseh-tan hade, beu katjida, teu boga kaera koe Rabboelalamin.

Sabaja goeroe ke tangtos ngadjar kahadean, tangtos oeninga bedana hade djeung goteng.

Tapi naha ari noe diadjarkeun kahadean ari lamphya henteu.

Geura oerang lamoean:

Waktu tongtoman kabangkitan di Bandung, boengkeb goeroe-goroer ti mana-mana; katjarita aja goeroe ti keta Tasikmalaja soempingna ka Bandung saroe kersina bato ka tongtoman tapi neugan pigarwaen.

Andjeunna geus ningah hidji istri kaluaran ati . . . . . si ieu istri teh garwa hidji Mantri goeroe; tina kageugan manah teu aing anom, pin-tet, aenging gadjih, nepi ka andjeunna kersa talit-h ka doea istri, noe hidji istri geus rada sepeh noe hidji deui istri anom keneh oeriet goeroe sakola boga akte H. O. ari talatuhna, seepaja ditepikeun ka eta garwa Mantri goeroe tea, jén andjeunna kageugan manah . . . . .

Oentoeng, ieu istri tea satia ka tjara-gena, loeoechan anom - anom ege emoet kana toer-anan, toer hade ditikan noe djadi tjara-ga.

(Ieu kadjadian dina ti. 17 October '26)

Tah mangga manah sanes aneh? Hidji goeroe geus wauw nanjan (doeka mat ngahana, doeka niat koomaha), nanjan noe boga salaki toer salakina goeroe keneh

Aneh, aneh, aneh nja Sipatabonan? Koemaha Sip. hajag ujah ngarant? Ah celah waka.

N. N.

**Tjiri wantji djaman.**

Sasih September 1926 Mas Prawira desa Gambarsari parantos kadatangan l-aki-aki oemoer ± 60 taon teras manglek kenging tiloe wengi ending-nya ending-ening ete aki-aki hajag ngilikan leungeunna pamadikakana Mas Prawira teu lami eta aki - aki hade doeka ka mana losna, pamadji-kin Mas Prawira miloe, sarta boer-rotkeun katerangan manehna teu eling-eling pangna miloe teh kenging toeloch dinten eta aki-aki ka soesoel di Pesirboengoe koe Mas Prawira sarta ajenna pamadikakana parantos aja deui di tangan Mas Prawira (salikina)

Ajeunna aja deui 1 awewe ngaran nji S-aki oemoer ± 15 taon parawan anakna Bapa Almi kampoeng Tjipepak desa Haerkoening onder-district Pasah district Tjimalaka Soemedang, nji Soeki drang ka Soekarna emangna di desa Gambarsari kenging sasasah

dongkap ka ping 27 October 1926 nji Soeki les bae leungit doeka ka mana losna disoesoel ka lemboer bapana koe Soekarna sareng koe kapala desa Gambarsari teu aja ajenna koe politie (B. B.) parantos disalabarkeun.

Ja Allah ja robi atoli mah sok emoet ka lakonna Kaudieng Nabi Ibrahim noe sok ngaririweuh kitoe teh.

Sateuajanna sareng saporantosa karangan abdi dimoet dina Sip. ha-toer noehon ka djoeragan Redacteur.

S. T. M.

**Pitoeah poeporieun.**

1. Kalobuan djelema, oepama mi-kahajang katjida kana hidji barang, lamoen teu laksana sok toeloej dipojok.

2. Oelah sok oedjoeg oedjoeg per-tjaja kana omongan djalma, samemei dipikir djeung ditimwang dina hate salah benerua, sabab pikir-teh oborna hate.

3. Saha noe resep dipoedji, ahirna sok meunang roegi.

4. Hiroep leutik, lamoen dibarengan koe senang djeung kareugreugan, leuwih hade batan beunghar djeung karipoehan.

5. Loba kadjadian djalma noe gantjang meunang kabehingharan, gantjang deui leungitna.

6. Sakapeung barang noe hina leuwih goena ka oerang, bato barang noe mahal djeung aloes roepana.

7. Oelah pertjaja ka djalma noe tjan kanjahoan kalakoeanana, seepaja oerang teu kadoeh-oeng ahirna.

8. Satisa-bisa oerang koedoe noe-loengan djalma-kasoehan, seepaja eta kasoehan teu konna ka oerang.

9. Oelah sok njela atawa njawad-ka batoer; tiik kagorengan suragan seepaja oelah asoep kana paribas: „Oetuk tong walangtaga dina poendok batoer katendjo, gadjah depa dina tarang teu karasa.”

10. Lamoen keur manggih oentoeng teu inget ka batoer dimana manggih kasoehan maal aja noe noeloeugan.

11. Omongan moesoeh noe manis, leuwih djahat batoer panjarekan sobat dalit.

12. Moesoeh noe keur tiiting oelah sok diopenan (oelah ngahoeding-kena matjan toeroe).

13. Lamoen pareng manggih oentoeng oelah sok katjila teuing boengahna, bisi manggih tjilaka; nja kitoe deui dina manggih kasoehan, oelah dipake teuing leutik hate, soe-soeganu oerang manggih pitoeoeng.

Lamoen djalma katjida teuing atih-na, atawa katjida teuing soesahna, teu bisa ngaraksa pagawean djeung oentoengna sikoemaha mistina

14. Djelema noe sok toetooloeng tara kakeoerangan sobat.

15. Lamoen migawe hidji kahade-an, oelah babari poetes pangharepan, lantaran hese djeung lila, tapi koedoe inget kana: tjikaratjak niuggang batoe laoen laoen djadi legok.

Aja samboenganana

Bogor. Soenardi.

**Pergerakan sagawe.**

Adres ka Djoeragan A. Achttien

Tjiamis.

Ti ngawitan, Dongkap ka tamat, djsim koering matja karangan djoeragan dina PERGERAKAN SAGAWA, noe oengeln PERGERAKAN SAGAWA, ngagadjih anoe kadoeran ti Sakola bandap, atanapi Ongediplomeer, moeng-goch djsim koering sakalintang moe-lakutna, malah atoh noe taja hitzga-na, tjing atoh eta kembang teh sing dongkap ka djadi boeahna, sanas djoer: nalika ieu minangka teu atjan aja tanaga, djoemaringjeug oge ngarajap bae sing dongkap kanoe didjoeg-djoeg.

Sareng sadjabi ti eta djsim koering neda, ka para djoeragan djoeragan sa-duja anoe ugaras sami harkat, sami martabat, (martabat haudap), oerang sami sos. n-sosen sili djoengdjoengkeun sili tanggorj, soepados tiuekanan dong-kap ka noe diuaksod, sakoemaha karanganana djoeragan A. Achttien tea taja sanes emoetan djsim koering moeng oerang sadaja kedah sami uga-deudeul koe tanaga saeutik, nja eta koe ngintoen serat tawis moefacat

atanapi teu moefacat kana eta atoe-ran.

Sareng sadjabi ti eta djsim koering moedji noehon ka Goesti noe Maha Soetji, sarahna djoeragan A. Achttien parantos kersa ngamanahan leuteun ngatoer eta karangan.

Wasalam  
(Wangsaatmedia)  
Tasikmalaja.

**Bahja noe ngantjam.**

Ti Pandjaloe njerat:

15 tahoer ka toekang, di desa Tji-boehohan onder-district Pandjaloe kaboeptan Tjiamis geus kadjudian „oeroeg”; djiwa sadesa moesim djadi paruh leutak maot taja poeporieunana. Demi lantaranana, djalma-djalma di desa eta baha kana parental nagara, katoeroeg toeroeg noe marentahna (Wadana di eta district koerang titeu). Bedana eta Wadana harita keneh „dilepas”.

Ajeunna pisan di pakemitan onder-district Pandjaloe aja kadjudian deui sapertos di Tji-boehohan, oge nja tjara kitoe asal-asalna, ngan oepama kadjudian tjara di Tji-boehohan (pali-as), ieu mah rongkah pibahluunana sabab ieu mah aja dongkol baris nengteugkeun tjai lengkung anoe sa-kitoe poluhana meureun aja kana joelan M; eta teh barisna tamplok ka Panoembangan.

Tah sakitoe pibahluunana.

Ajeunna anoe geus katangan aja 2 loewok lemboer anoe bedjad sarta djerona geus aja noe ± 5 M. pan-djangna ± 100 M. saloewokna.

Djelema-djelemana koe pangoroer-desa geus diboeboerak teu meunang njiingan deui eta lemboer. Ngan edas watekuing oerang kampoeng, di kitoe teh saralah tanpa, oepama mang-gih leuwihna taneuh beljad (noe me-re katrangan kana bahja oeroeg teu), gantjang diboenikeun, boedjad-badjan na dirimboenan koe taneuh bisi ka-panggih koe kapala desa, pokna teh: „seug engke oerang disingkirkeun deui saperti noe saggus engkus.”

Noengtik kana kaajaan tekad dje-lema-djelema, bsa djadi bahja datan-gna bisa ngabojoan.

Noehoeon ka pamarentah nagara hal ieu kersa nioengtik enja enja, ngawitan koe noe ahil-ahli (Insjioer-Insjioer . . .) nja kitoe deui per-djadian per-ljagimana, oelah nepi ka „ditioeng geus hoedjan”.

Kana djawa djelema, pamarentah perloe nangtajoengan.

**KOROPAK.**

Soendang-lajang! Z-tter teu tiaseun matja karangan djoeragan Soenda se-brang Tjoti atoh rada terang nje-ratna njah koe eusina!

Toekang koeli Bandjar. Koe margi perkawis kontrakan sakitoe pentingna, Rad. Sip. h-jong terang djeugengan djoeragan Sae latjengkeun ngarang perkawis naon noe teu sae di kon-trakan.

Di lebet kelah aja serat ti djoera-gan.

A. S. Garoet teu atjan tiasa kale-betkeun.

A. a.

**ADRES noe parantos KASOHR**  
**DAHJAN**  
Toekang Mas Roemah No. 18  
TASIKMALAJA.

Ngitikeun roepi-roepi perhisan tina mas sareng perak, damelan piba-dos, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (bandi pinggel pen-ti, soember, lilpen, padamelan ditanggal sae sareng enggal.

Diabi ti eta ngitil roepi-roepier-Indji saeoe, erlodit tangan, wekker, dumpel alpaka model anjar sareng seuc-seueur deui perhisan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroepling soe-pados kaeolngna.

— 101 —

Tina Tentoonstelling Tasikma-lja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**  
3 M.A.S.

**TECELFABRIEK**  
**„NAJA”**  
Goenoengsabeulah  
TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel, pa-nguos sareng kakuatan ditang-gel ngabingabkeun.  
Oegi midamel gambar boemi (houw teekening), panguos ti-nsa badanten).

24 Directeur.

**COIFFEUR**  
**B. OETIH**  
Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.  
Parantos njajagikeun medja ti-olet anoe anjar en-leh pisan, pa-damelan resik sareng parantos aja krecht anoe piuter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjaji kawarasin. Roa ka-djantenan anoe ditoekeer koe noe kirang apik ngadjanenkeun tjilaka salira. Mangga saroe-mping.

Noe ngantos  
**B. OETIH**

Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja

**Toko en Drukkerij Pasoeadan**  
**Tasikmalaja.**

Kawit ping 4 November 1926 tem-patna ngatih ka tjaket station pisan Djati ti ngitil oerang-baerkeu pa-ngajar ananapi wawajan, ngajagi-keun deui seni-kant-n karadjanan Kabangngatan piroem naon bae pe-pik.

Ka anoe aja manah bade nitipkeun barang? kana djiman (djalan Commissie) sae bodaten bae, tjaroekun heula barang naon sareng sabarahaeun.

Pangantuna nampi karadjanana baroedak moerid.

Pangroos.

**TOKO**  
**Universeel Agentschap**  
**NIC MULLER**  
**TASIKMALAJA**  
Goenoengladoo No. 15  
Telefoon No. 26.

**PATENTMEDICYNEN** (cat obatan segala roepa)  
Chemicalien (sakal obat)  
TJELERP (Sipoetan) segala roept.  
Soda Api, Soda Api, Soda Api.  
Rookwaar (barang roko)  
Suoeppood (goela goela)  
Medicinele dranken (minoeman obat).  
A W A S. Di sanan tempat besar di Priangan wetan kami tjari agent boe-at djoel lagi kami poenja djoelan.  
Dan kami djega tjari orang jang maoe koeliling bawa djoelan.  
Oentoeng bagoes, tetapi misti ada soerat borgnja.  
Boleh minta pryscourant (preskoran) dajet kirim pere.  
Segala obat bisa kirim remboers.  
HARAP MAMPIR boeat lihat djoea-lan di toko dan boeat adjar kenal.

Banjak hormat  
**Nic. MULLER.**

Bade njewakeun nga-witan sasih November 1926 piwaroengun tjaket Station Tasikmalaja se-waan barempag sareng Soemawihardja Djadja-wajweg No. 15.

**Awas, moesim panas parantos doengkap!**

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil ka-gangeu. Djagi lores-lores kasehatan djoeragan soepados tetep seger.

Hidji koech tina; 14

**Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang**  
(Damelan Njonja Tjoe Tjoe Goan Halte Tjijtjoeroek)

Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten dja-di landog babakoena kana nolak hawa awan dita moesim ajeunna ngadjudikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun ho-jong bae ngarot sareng tinggalkeun raos noe katjida n'matua.

Seungit, raos sareng tiis!!!

Ditjoel dimana - mana.  
Pangaos sapak f 0.25. Pesenan paling saeutik 15 pak.  
Anggoeun djoeleun deui paling saeutik 100 pak kenging lang-koeng mirah pisan.  
Atoeran ngaregona dikintoen ka soegi noe moendoet.  
Tipoeng Hoenkwe Fabrik Tjap Kembang.

**Tjoe Tjoe Goan Tjijtjoeroek.**

Gratis.  
Tjoti ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko-tiloe benngoleun engke dikintoen sapak. „Katoengan noe dipika-resep koe sugala bangsa”.

**Milari langganan**  
**B. BARLI**  
Toekang Kopjah 17

**Pasar Baroe Bandoeng.**

Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loeoeur leu dina waktos ieu nembu moeka winkel kopjah, Special ngitil Kopjah kangge ijaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njoban langganan ka djsim abdi pangaos sareng padamelan ditanggal mirah sareng sae.

Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna noeroet sakoemaha model ajeunna sapertos: Kopjah boeloedroe boelo anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hideung s.s.t. Kopjah boeloedroe hi-deung roepi-roepi model, kopjah padang soetra sareng Padang Katoen.

Sateu ajanna ngi-toen serat pesenan, tjobian heula moendoet pryscourant.